BAB 1
LUHURING DRAJAT GUMANTUNG ILAT

Pertemuan/Kelas : 3/12
Hari, tanggal : Selasa, 3 Agustus 2026
Bab : Bab 1 Luhuring Drajat Gumantung Ilat
Tujuan Pembelajaran :

1) Peserta didik diharapkan mampu memahami teks percakapan.
2) Peserta didik diharapkan mampu menulis teks percakaoan sesuai dengan kaidah.

3. Ngetrapake Unggah-ungguh

   Sajrone pacelathon, wong Jawa biyasane nuduhake subasita, yaiku kaya mangkene.

   a. Sadurunge pacelathon ngaturake ndhingkluk minangka tandha pakurmatan.
   b. Polatan (ekspresi) tansah sumeh
   c. Tangane ngapurancang (ditangkepake ing ngarep), kejaba yen nuduhake samubarang. d. Madhep ora tolah-toleh lan ora nyawang pasuryane wong sepuh sing diajak guneman.
   d. Ora disambi karo ngemut utawa ngemil panganan.

4. Titikan Teks Pacelathon

   Teks pacelathon iku nduwe titikan yaiku kaya mangkene.

   a. Katulis kanthi wujud dialog.
   b. Gunakake ukara kandha.
   c. Isine pangajak lan panerang
   d. Cacahing paraga loro utawa luwih.
   e. Nggunakake ukara cekak aos.

A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, d, utawa e tumrap wangsulan k bener!

1. Gatekna bab ing ngisor iki!

   (1) Praupan.
   (2) Intonasi.
   (3) Titi laras.
   (4) Lafal.
   (5) Rima

   Bab kang ora perlu digatekake nalika nindakake pacelathon, yaiku nomer.

   a. (1) lan (2)
   b. (2) lan (4)
   c. (3) lan (5)
   d. (4) lan (5)
   e. (1) lan (5)

2. Tembung lingga saka tembung pacelathon, yaiku

   a. Celathon
   b. Celathu
   c. Pacela
   d. Palathon
   e. Athon

3. Panjenengan rawuha wingi, aku nanggap wayang. Ukara kuwi migunakake b

   a. ngoko lugu
   b. ngoko alus
   c. krama lugu
   d. krama alus

e. rinengga

4. Gunemane kanca marang kanca kang durung kulina migunakake basa
   a. krama lugu
   b. krama alus
   c. ngoko lugu
   d. ngoko alus
   e. rinengga
5. Mengko sore sida dolan apa ora? Ukara pitakon iku gunakake basa
   a. ngoko lugu
   b. ngoko alus
   c. krama lugu
   d. krama alus
   e. rinengga
6. Ukara ing ngisor iki kang diarani ngoko alus, yaiku ...
   a. Ibu lagi bae dugi saka pasar.
   b. Simbah nembe gerah wajanipun ngantos muwun.
   c. Bapak ningali tipi wonten kamar.
   d. Pak Lurah ora sida tindak, amarga sukune gerah.
   e. Bapak nembe kesah dateng kantor
7. Sampeyan bektani ayam ingkang pethak punika? Ukara pitakon kuwi migunakake basa
   a. ngoko lugu
   b. krama alus
   c. ngoko alus
   d. krama lugu
   e. rinengga
8. Ngisor iki ukara kang ora migunakake basa krama alus, yaiku ...
   a. Badhe dhateng Klaten, dipuntimbali Bapak.
   b. Panjenengan arep tindak ngendi?
   c. Bu Guru badhe dhateng peken.
   d. Ibu menawi mapan sare, mesthi ngunjuk rumiyin.
   e. Ibu mirsani tipi wonten kamar.
9. Menawi panjenengan badhe tindak dhateng Semarang, kula ndherek. Ukara kasebut menawa didadekake ngoko alus dadi
   a. Menawa panjenengan arep tindak menyang Semarang, aku melu.
   b. Menawi sampeyan arep tindak dhateng Semarang, kula melu.
   c. Menawi sampeyan badhe kesah dhateng Semarang, kula ndherek.
   d. Menawa sampeyan arep kesah menyang Semarang, aku melu.
   e. Menawi sampeyan arep tindak dhateng Semarang, aku ndherek.
10. Gunemane wong kang srawunge wis raket kuwi panganggone basa
    a. ngoko lugu
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. krama alus
    e. rinengga

11. Supaya ancase kang bakal dikandhakake ana sajroning pacelathon bisa ditampa kanthi cetha, rembugan kudu
    a. ngambra-ambra
    b. jumbuh karo bab kang diomongake
    c. ngayawara
    d. milih-milih sapa kang diajak rembugan
    e. nemtokake sapa sing arep diajak omong
12. Gatekna pacelathon ngisor iki!
    Bu Lina: "Pak, panjenengan sidane kondure nitih apa?"
    Pak Nardi: "Aku mengko arep numpak bis."
    Bu Lina: "Terus kondur apa arep tindak liya enggon, Pak?"
    Pak Nardi: "Terus bali kok, Bu."
    Unggah-ungguh basa kang digunakake dening Bu Lina ing pacelathon kuwi, yaiku.....
    a. ngoko lugu
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. krama alus
    e. rinengga
13. Ukara ing ngisor iki kang migunakake basa krama lugu, yaiku ...
    a. Sampeyan mau wis dhahar durung?
    b. Sampeyan kalawau sampun nedha dereng?
    c. Panjenengan mau wis dhahar durung?
    d. Kowe mau wis dhahar durung?
    e. Panjenengan sampun dugi pundi?
14. Ridho: "Ingkang kalebet tembang macapat punika ingkang pundi kemawon, Pak?" Miturut ukara pacelathon kasebut, Ridho gunakake basa
    a. krama lugu
    b. krama alus
    c. krama desa
    d. ngoko lugu
    e. rinengga
15. Unggah-ungguh basa kang digunakake dening guru nalika guneman karo siswa, yaiku
    a. ngoko lugu
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. krama alus
    e. rinengga

Gatekna pacelathon ngisor iki kanggo mangsuli nomer 16-19!

Nyuwun Pangestu

Galih: "Bu, kula nyuwun pangestu, benjing-enjing badhe tes semester kalih."
Ibu : "Dak pangestoni, Le cah bagus, sing garap ya sing tenang, aja seneng nirun kancane ya?"
Galih: "Boten Bu, kula sinau saestu kok. Dados boten perlu nirun kanca malih. Nirun, japlak niku rak boten sae ta, Bu?"
Ibu : "Bener Le, dak dongakake muga-muga kowe bisa garap tes kanthi gampang lan oleh biji sing apik!"
Galih: "Matur nuwun, Bu. Mangke menawi angsal juwara nyuwun hadiah nggih, Bu?"
Ibu: "Ah kowe kuwi lho, diwenehi ati ngrogoh rempela."

Galih: "Hadiahe buku wacan sing kathah nggih, Bu?"
Ibu : "Ah, ya embuh, ora sah ngarani dhisik!"
Galih: "Nggih sampun Bu, kula badhe sinau."
Ibu "Ya wis kana sinau sing tenanan!"

16. Cacahe paraga pacelathon ing kasebut yaiku
    a. Loro
    b. Telu
    c. Papat
    d. Lima
    e. Enem
17. Surasane pacelathon kang ditindakake dening Galih lan Ibune yaiku jaluk ....
    a. pangestu nalika arep ujian
    b. ati ngrogoh rempela
    c. hadiah
    d. dhuwit
    e. pitutur
18. Nalika guneman marang ibune ing pacelathon kuwi Galih migunakake basa
    a. ngoko lugu
    b. ngoko alus
    c. krama lugu
    d. krama alus
    e. rinengga
19. Hadiah kang dijaluk Galih menawa antuk juwara yaiku
    a. Tas
    b. Sepatu
    c. tas sekolah
    d. buku wacan
    e. montor
20. Kowe kesusu mangkat sekolah, ing pinggir dalan ana wong tuwa kang arep nyabrang dalan nanging ora wani. Kang kudu koktindakake kang mujudake unggah-ungguh, yaiku....
    a. nerusake laku amarga selak telat
    b. nulungi wong tuwa iku nyabrang
    c. ethok-ethok ora weruh
    d. ngakon kancamu supaya nulungi
    e. melu nyabrang

B. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep!
    1. Sebutna telu bae titikane teks pacelathon!
    2. Geneya nalika guneman becike kudu nggatekake sapa wong kang dijak guneman?
    3. Sebutna telu bae budi pakertine wong kang nindakake pacelathon!
    4. Sebutna telu bae paugerane nyemak lan ngrungokake pacelathon!
    5. Sebutna panganggone basa ngoko lugu!